



Pou Piblikasyon Imedya: 10/26/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PREMYE “BILDING FI” ETA POU RASANBLE PLIS PASE YON DOUZÈN ÒGANIZASYON KI BAZE SOU FI POU ABILITE JENEREASYON FI YO KAP VINI AN**

***Fondasyon NoVo te chwazi pou re-amenaje etablisman koresyonèl Bayview nan katye Chelsea Manhattan***

***Bilding Fi a ap kreye 300 djòb, jenere \$43 milyon nan aktivite ekonomik anyèl***

***Gade videyo pwochen bilding Fi yo [La](#); Detay yo [La](#) ak [La](#)***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse premye “Bilding Fi” nan eta ap devlope pou rasanble plis pase yon douzèn òganizasyon ki santre sou fi, abilite jenerasyon fi kap vini yo. Ansyen etablisman koresyonèl Bayview a, yon etablisman espas 100,000 pye-kare nan katye Chelsea Manhattan, ap renove pa Fondasyon NoVo ak Goren Group pou enkli espas ki angaje pou travay pou òganizasyon sèvis kominotè ki santre sou fi, ansanm avèk yon restoran, galri da, ak espas adisyonèl biwo pou teknoloji ak inovasyon lokatè. Bilding fi yo ap kreye plis pase 300 nouvo djòb epi jenere yon estimasyon \$43 milyon nan aktivite ekonomik anyèl.

“Jodia nap kontinye efò nou pou kraze plafon an glas la lè nou retire yon enstitisyon ki an defayans epi chanje l an opòtinite ak refòm sosyal pou fi yo,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Bilding Fi yo se yon egzanp enpòtan sou fòs ak lidèchip nou kòm kapital pwogrè nan peyi a – e lè lòt eta yo ap gade New York, yap wè yon lòt senbòl kominote kap vini ansanm pou amelyore anvi ak potansyèl moun li yo.”

Fondasyon NoVo ap antre nan yon lokasyon alontèm pou jiska 99 ane avèk Eta pou etablisman Bayview a, lokalize nan 550 West 20th Street nan Manhattan, ki vo jiska \$200 milyon. Fondasyon NoVo a ap redevlope an yon Bilding Inove pou Fi yo, enkli:

- Espas biwo pou aktivis ki baze sou fi yo, òganizasyon, aktivite ak pwogram;
- Antisipe espas kominotè tankou yon klinik byennèt pou fi adolesan yo ak atriòm piblik;
- Yon etaj anbatè “Galri Da Entènasyon pou Fi” ak restoran; ak
- Lokatè komèsyal nan teknoloji ak endistri ki santre sou kreyativite, plis ranfòse ekonomi kreyativ Chelsea ak sibvansyon lokasyon pou non-pwofi yo.

Plan pou Biding Fi yo te chwazi grasa yon pwosesis konpetitif RFP Empire State Development, ki te travay avèk kominote lokal yo pou pi byen konprann preferans yo pou avni etablisman nan katye Chelsea. Nan kad kòmantè yo, Empire State Development te chèche yon plan ki: konsève fasad istorik biding lan; bay opòtinite pou itilizasyon etablisman kominotè a; epi rete nan karaktè jeneral zonaj distri spesyal Lwès Chelsea.

Fondasyon Novo a, yon òganizasyon ki baze nan New York ki angaje tèt li pou avanse plizyè kesyon kominotè enkli pwogrè fi yo, te ofri 100 pousan angajman ekite, patisipasyon minorite ak biznis yo fi posede, ak konsepsyon achitekti dirab ak distenksyon. Fondasyon NoVo a prezide pa Peter ak Jennifer Buffett, pitit gason ak bèlfi investisè ak filantwopis Warren Buffett. Gwoup Goren, yon konpayi devlopman fi posede ke Lela Goren dirije, te fè patenarya avèk Fondasyon NoVo pou dirije redevlopman etablisman Bayview a.

Wap jwenn yon videyo sou avni Biding Fi yo disponib [la](#). Kontrandi biding lan disponib [la](#), [la](#), [la](#) ak [la](#) . Wap jwenn plis enfòmasyon sou Biding Fi yo disponib nan <http://womensbuildingnyc.org>.

**Prezidan, PDG ak Komisyonè Empire State Development Howard Zensky te deklare:** “Fondasyon NoVo ak Gwoup Goren te genyen dwa pou redevlope Bayview avèk yon pwopozisyon enteresan. Biding Fi yo ap yon resous transfòmasyon pou tout òganizasyon non pwofi yo kap travay ansanm nan direksyon avansman fi, e ekip la te pwopoze yon pwojè kap konsève ak reyabilite yon biding istorik pandan lap ogmante enpak ekonomik li ansanm avèk opòtinite pou itilize etablisman kominotè a.”

**Komisyonè Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè Anthony J. Annucci te deklare:** “Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè a te travay avèk dilijans pou ede akonpli vizyon Gouvènè Cuomo pou refòme sistèm prizon eta pandan lap ekonomize kontribyab yo lajan epi kenbe tout Nouyòkè yo ansekirite. Avèk yon pousantaj kriminalite kap desann, pwogram koreksyon efikas ak efò san relach anplwaye nou yo, mwens kabann prizon nesèsè kòm popilasyon prizon an kounye a rete nan yon nivo ki pi fèb depi 25 ane. DOCCS kontan pou l wè yon etablisman ki te

itilize lontan pou anprizone ofansè fi yo, te transfòme an premye “Bilding Fi” eta pou ede avanse enterè global pou tout fi yo.”

**Senatè Brad Hoylman te deklare:** “Lè Sandy te frape nan 2012, yo te evakye etablisman koreksyonèl Bayview e li te detwi pratikman. Anons Gouvènè a jodia bay bilding sa yon nouvo objektif presye. Mwen konplimante Gouvènè Cuomo, Fondasyon NoVo, ak Gwoup Goren pou pwopozisyon avangadis, ki sanble respekte alafwa istwa etablisman ak karaktè kominote a pandan egalman lap bay plis opòtinite pou itilizasyon kominote a. Map rete tann pou m travay avèk manm Asanble Gottfried, Manm Konsèy Johnson, Konsèy Kominotè 4 ansanm avèk òganizasyon kap patisipe yo pou avanse koz pwogrè fi yo toupatou nan eta.”

**Manm Asanble Richard Gottfried te deklare:** “Konvèsyon Etablisman Koreksyonèl Fi Bayview an yon ‘Bilding Fi’ pou loje òganizasyon non-pwofi yo kap travay sou pwoblèm fi yo, avèk espas pou itilizasyon kominotè, pandan lap konsève ak restore detay achitekti spesyal bilding sa se yon plan sipèb ak enspire. Mwen remèsye Empire State Development paske li te tande kominote a epi reponn a enkyetid nou yo lè yo chwazi plan apresye Gwoup Novo ak Goren, ki te pwomèt atansyon a detay istorik nan bilding lan ansanm avèk itilizasyon ak pwogramasyon ki enpòtan ak kontekstyèl nan kominote a.”

**Ko-Prezidan Fondasyon NoVo Jennifer ak Peter Buffett te deklare:** “Bilding Fi yo se yon etap avansman pou Fondasyon NoVo ansanm avèk patnè li yo nan New York. Yon referans prezans nan katye Chelsea – youn ki defini pa inovasyon ak pwogrè sosyal– ap non sèlman ede avanse dwa tifi ak fanm yo ansanm avèk pwogrè ke patnè nou yo te travay di pou akonpli, nan New York ak pi lwen. Nou fyè dèske nou patisipe nan anons enpòtan sa epi remèsye òganizasyon ki angaje yo ki te travay san relach ansanm avèk Gouvènè a pou lidèchip li nan fè sa vini yon reyalite.”

**Direktè Egzekitif Fondasyon NoVo Pamela Shifman te deklare:** “Lè nou etabli premye Bidling Fi nan Eta, jodia nap pote plis sèvis kominotè ki baze sou fi yo nan nivo ki inove. Fondasyon NoVo kontan pou re-amenajman an ki ankou kidonk nou ka akselere travay enpòtan patnè nou yo epi kontinye fè istwa pou fi yo nan mond lan.”

**Fondatè ak Prezidan Goren Group Lela Goren te deklare:** “Reyini ansanm anpil gwoup sa yo ki angaje pou bon koz la – avèk yon objektif santral pou leve fi yo tout kote– se yon aksyon enteresan ke yo te antreprann ke mwen fyè pou m fè pati de li. Mwen onore dèske mwen jwe yon wòl santral nan re-amenajman bilding etaj sa e mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou opòtinite pou fè istwa nan etabli premye Bilding Fi eta.”

Kontra preliminè ant Fondasyon NoVo ak Empire State Development sijè a yon peryòd dilijans 60-jou e li mande apwobasyon piblik.

### **Enfòmasyon sou Etablisman Koreksyon Bayview**

Etablisman Koreksyon Bayview ofisyèlman pat an sèvis nan otòn 2013 nan kad efò Gouvènè Cuomo pou ekonomize kontribyab yo lajan lè li te fèmen etablisman ki koute chè yo, ki manke itilize nan tout Eta New York. Anplis, fèmti a fè pati nan plan sipèvizyon kominotè ak koreksyon pou amelyore efikasite anprent imobilye a apre rediksyon konsiderab nan pousantaj krim ak ofans dwòg nan eta, sa ki te lakoz popilasyon prizon an diminye konsiderableman. Depi Gouvènè a te antre nan administrasyon an nan 2011, li te fèmen yon total 13 etablisman prizon ak elimine plis pase 5,500 kabann prizon, sa ki lakoz nan ekonomi anyèl apeprè \$162 milyon.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418